

Date Printed: 04/20/2009

---

JTS Box Number: IFES\_64  
Tab Number: 67  
Document Title: les eleves haitiens disent et dessinent  
les droits de l'homme  
Document Date: 1998  
Document Country: Haiti  
Document Language: French  
IFES ID: CE00786




\* B 4 F 2 3 5 E 1 - 8 5 D A - 4 2 A 6 - 9 8 4 2 - 0 F D F 4 E C D 7 6 F F \*



les élèves haïtiens  
disent et dessinent  
les droits de l'homme



Cet ouvrage a été réalisé à partir des résultats du concours d'affiches des élèves des écoles d'Haïti. Ce concours organisé par l'UNESCO, la MICIVIH et le Ministère de l'éducation nationale de la jeunesse et des sports visait à commémorer le 50ème anniversaire de la Déclaration des Droits de l'homme.  
La traduction des textes en français est de Lyonel Trouillot.



© DESTY ANDY - COLLEGE UNIVERSITAIRE CARAIBE  
4ème secondaire

*Desty Andy - Collège Universitaire Caraïbe  
4ème secondaire*

*Jistis*

Ou se fòs tout sa ki nan dezespwa,  
 Lonje men'w non pou pran yo nan fènwa,  
 Ou chaje avèk anpil bèl kadans,  
 Vrèman, ou mete kè yo anbalans,

Jiskilè, na ouwè kè'n pou jistis,  
 Pou konsyans nou ka pwòp, klè, jis,  
 Pou tout moun ka vin gen menm pwòp,  
 Pou tout moun ka vin gen menm dwa,  
 Pou nou ka gen yon sèl espwa.

Jiskilè, lajan va sispan'n fè nou avèg,  
 Pou'n sispan'n bay gwo nèg valè devan ti nèg,  
 Se pou jistis la fleri, pou'n sispan'n soufri,  
 Pou tout sa ki t'ap soufri, kapab vin souri,

Jiskilè, na sispan'n di peyi a sou pay,  
 Se nou menm ki pou travay, pou'n mete'l sou ray,  
 Pou kisa lajan oblige fè'n fè tenten,  
 Bay van jistis la yon ti chans pou'l fè chimen.

**F. GLIFTON WHITE RESOURCE CENTER 2 / 00**  
**INTERNATIONAL FOUNDATION FOR ELECTION SYSTEMS**


*Justice*

Tu es la force de tous ceux qui sont dans le désespoir  
 Donne-leur la main pour les faire sortir des ténèbres  
 Tu as la cadence qu'il faut  
 Vrai de vrai, tu remues leurs coeurs

Quand pourrons-nous ouvrir nos coeurs à la justice?  
 Pour que notre conscience soit propre, nette et juste  
 Pour que tous les gens aient la même importance  
 Pour que tous les gens aient les mêmes droits  
 Un même espoir

Jusqu'à quand l'argent nous rendra-t-il aveugle  
 Jusqu'à donner plus de valeur  
 aux gros nègres par rapport aux petits  
 Il faut que la justice fleurisse pour que nous  
 cessions de souffrir  
 Pour que tous ceux qui souffrent puissent apprendre à sourire

Jusqu'à quand allons-nous continuer  
 à dire que le pays est sur la paille ?  
 C'est nous qui devons travailler pour  
 le remettre sur ses rails  
 Donnez au vent de la justice la chance de faire son chemin  
 Pourquoi l'argent pousse-t-il à tant de simagrées



Vilmé Alex  
5ème B

## Jistis

J Jistis kote'w, peyi nou an bezwen ou, pa bliye nou.

Ì Enpotans ou nan mitan nou, se sèl ou menm ki ka retire nou anba entrav nou yo.

S San ou nou pa gen espwa e ou kite lamizè ap fini avèk nou. Kote ou ye?

T Toutan w ap kache e se ou nou vle ou se sèl espwa nou, sèl lavi nou.

Ì Enposib pou nou viv san ou, pouki ou pran tout tan sa a pou ou vini?

S Se vyolans ki pran plas ou isit, fè vit nou pa kapab ankò.

## Justice

Justice, où es-tu ? Notre pays a besoin de toi, ne nous oublie pas


Toi seule peux nous sortir de nos entraves

Sans toi, il n'y a pas d'espoir, et tu nous laisses consumer par la misère, où es-tu?

Tout le temps tu te caches, tu es notre seul espoir, notre seule vie

Il est impossible de vivre sans toi, pourquoi t'es tu absente si longtemps ?

La violence a pris ta place ici, viens vite nous n'en pouvons plus.



*Alouidon Carline - Ecole Baptiste Melchisedek-Maissade  
6ème*



*Pa gen jistis*

Pa gen jistis, paske map chache l' depi lontan.  
 Pa gen jistis, paske yo pa bay jistis.  
 Jistism, s' evann yo vann sa nan tribinal.  
 Pa gen jistis, paske gen twòp fo jij k'ap vann jistis.  
 Men! Jiskite a vin gen jistis pou yon pèp kap viv?  
 La jistis, dim' kisa ou te fè ki fè yo fèmen ou?  
 Pa gen jistis, men! Pòk gen jistis yon jou!  
 Le lajistis va mete men sou tout moun kap vann li.  
 Se tè sa a, chak moun va gen chan jwenn jistis.  
 Mwen mande pou gen jistis.  
 Wi mwen mande pou gen jistis,  
 Paske mwen bezwen li.  
 Lajistis se yon bagay m'ap chache depi didantant,  
 Jis kounya a a yo poko ute ban mwen!  
 Paske pa gen jistis pou malere ak pou ki pa gen lajan,  
 Men! Gen jistis pou tout gwo ki gen lajan.  
 Jistis, jistis, jistis, se sa mwen bezwen!

*Il n'y a pas de justice*

Il n'y a pas de justice, car cela fait longtemps que je la cherche  
 Il n'y a pas de justice, parce qu'on ne la donne pas  
 La justice, on la vend au tribunal  
 Il n'y a pas de justice parce que trop de juges la vendent  
 Mais! Quand aura-t-on une justice pour que le peuple vive?  
 Justice, dis-moi ce que tu as fait pour qu'on te mette en prison?  
 Il n'y a pas de justice, mais! il faut qu'elle existe un jour!  
 Lorsqu'elle arrêtera ceux-là mêmes qui la vendent  
 C'est à ce moment là que chaque personne trouvera justice  
 Je demande justice  
 Oui, je la demande  
 Parce que j'en ai besoin  
 Cela fait si longtemps que je demande justice  
 Jusqu'ici on ne me la donne pas  
 Il n'y a pas de justice pour les malheureux et pour les  
 pauvres qui n'ont pas d'argent  
 Mais! Il y en a pour les riches  
 Justice, justice, justice c'est la seule chose dont j'ai besoin!



*Barthelemy Somçon - Ecole John Dewey Die Lafond  
5ème année*



La jistis

Laqè fin delwi jistis  
Lammè ak rivyè fin anwayi lemonn  
Soufrans lezòm ba nou lapèn  
Nou la, pounn delivre, anba bann kraze-za  
Lemonn fin peri anba ganste

Gwo vès yo leve, yo chita sou jistis  
Gwo palto yo kanpe, yo mache maspinen, yo sakifye jistis  
Fòk nou kèbe fèm ana bann mechan sa yo.  
Pou dwa de la jistis k'ap jistifye inosan ou koupab.

La jistis se yon lwa mouri, anere, dechòse  
La pèn ak tristès se soufrans la jistis  
Dwadelòm se dwa de renmen pou tout moun  
Fòk gen yon jou na delivre anba lemonn  
An nou mete men dan la men pou'n konstitwi peyi a.

Si pou nou jwenn jistis, fòk nou gen lapè  
San gwouvès k'ap delwi peyi a.  
San gwo palto k'ap fè ti san peyizan nou yo koule  
Poun k'ap kont yo, poun k'ap jwenn jistis  
San libète ak lapè nou pa kab jwenn jistis.


Justice

La guerre a détruit la justice  
Les rivières et les mers envahissent le monde  
La souffrance des hommes nous fait de la peine  
Nous devons nous libérer de la torture  
Le monde périt dans les mains des gangsters

Les grands manteaux s'asseyent sur la justice  
Les grands manteaux torturent, sacrifient la justice  
Nous devons résister face aux méchants  
Pour que le droit à la justice épargne les innocents et juge  
les coupables


La justice c'est une loi morte, enterrée, déchaussée  
La peine et la tristesse sont les souffrances de la justice  
Le droit de l'homme c'est le droit d'aimer pour tous  
Un jour nous serons libres de ce monde  
Donnons-nous la main pour reconstruire le pays

Pour obtenir la justice, il faut la paix  
Sans les grands manteaux qui détruisent le pays  
Sans les grands manteaux qui tuent les paysans  
Contre eux, nous aurons la justice  
Sans la liberté et la paix nous ne pouvons avoir justice.




nom : Joseph  
prenon : Stevenson  
age : 12 ans  
pays : Harris  
lekt : son pot  
tem : tout moun egal ego  
pa gen okenn diferansit  
Jistis ak fi paske moun tout  
se moun

Joseph Stevenson - Sen Pol  
12 ans



*Jistis*

Yon peyi ki pa gen jistis  
 Ap toujou fè sakrifis  
 Tankou yon malad kal wè dantis  
 Kote y'ap deklare jistis nan tout legliz  
 Sanke pa gen sakrifis.



Kote ki gen jistis toujou bèl  
 Tankou lakansyèl  
 Dous kou siwo myèl  
 Tout jij ap mèl bèl twèl  
 Pou jije tout kriminel.

Jistis pa pot chans  
 Ou te mèl te gen bèl kadans  
 Yon bon jij pa janm nan rans  
 Ann pran konssyans  
 Paske vyolans pa fè sans.

Jistis sans kesyon dekoulè  
 Ou te mèl yon vòlè  
 Menm jan ak yon moue zè  
 Ki trompe tè  
 Kote pol ap chanje koulè


*Justice*

Un pays sans justice  
 Viura toujours de sacrifices  
 Comme un patient chez son dentiste  
 On proclame la justice dans toutes les églises  
 Sans avoir fait de sacrifices

Là où règne la justice tout est beau  
 Comme un arc-en-ciel --  
 Tout est doux comme le miel  
 Les juges s'habillant de jolis tissus  
 Pour juger les criminels

La justice n'accorde pas chance  
 Même quand on a une belle prestance  
 Un bon juge ne joue jamais  
 Prenons conscience  
 Que la violence ne mène nulle part

La justice sans question de couleur  
 Pour le voleur  
 Ou le porte-malheur  
 Qui s'est trompé d'heure  
 En voulant que sa peau change de couleur



EGAL EGO



Osias Casimir - Saint Michel Saltoère  
6ème année

Tout moun egal ego

Sa fè lontan Ayiti ape peri  
 Ak yon kansè ki pa kapab geri  
 Revandikasyon sou revandikasyon  
 Pa janm gen yen yon vrè solisyon  
 Grandon yo kite piti yo ap soufri  
 Timoun yo ap dòmi nan lari  
 Malere ap mouri  
 Anba uye maladi  
 Mezanmi twòp souffrans  
 Nou mande yon tichans  
 Paske tout moun se moun  
 Lile pou n braye baryè mechanste  
 Nan sosyete-a  
 Baryè prejije  
 Baryè patipri  
 Baryè ti sousou  
 Jezi kri pale yo pa okipe'l  
 Maten Lile King goumen, men  
 Sa pa fin chanje  
 Loni, di yon mo pou yo ka pran konsyans  
 Paske tout moun se moun

Nous sommes tous égaux

Il y a longtemps qu'Haiti périt  
 D'un cancer incurable  
 Revendications sur revendications  
 Il n'y a jamais eu une réelle solution  
 Les grands propriétaires terriens  
 Laisser souffrir les démunis  
 Les enfants dorment dans les rues  
 Les pauvres meurent  
 De mauvaises maladies,  
 Mes amis, il y a trop de souffrances  
 Donnez-nous une petite chance  
 Parce que tout homme est un homme  
 Il est tant de faire tomber les barrières de la méchanceté  
 Dans notre société  
 Les barrières  
 Les barrières de parti-pri,  
 Les barrières de nos bassesses  
 Jésus-Christ a parlé, nul l'a écouté  
 Martin Luther King a lutté  
 Mais rien n'a changé  
 Les Nations Unies, dites donc quelque chose  
 Car tout homme est un homme

tout sur un seul ego



Rabel Jean - Marie Reine des Coeurs  
5ème année



"Tout moun se moun"

Se a se pawòl granmèt la  
 Se pawòl moun ki renmen pwochen yo  
 Nwa, blan, jòn, wouj nou tout se moun  
 Si gran mèl la kreye nou diferan youn ak lòt,  
 Se pà pou anyen sèlman poul' kapab montre nou grandè li  
 Tankou li kreye gannimo yo ak plizyè fòm epi plizyè koulè  
 Konsa nou wè gen chen blan, chen nwa, chen wouj men

Tout se chen.

Se menm jan pou nou menm lòt, nou tout se menm  
 Pa gen youn ki pi plis pase lòt, ni gen dwa pase lòt  
 Rich, pòv, piti ou gran, blan ou nwa, nou gen men dwa  
 Tè a se kado bondye ban nou pou n'viv  
 Nan lanmou, nan respè youn pou lòt.  
 Viv libète, egalite, fraternite.

"Tout homme est un homme"

Telle est la parole du grand Maître  
 La parole de celui qui aime son prochain  
 Noir, blanc, jaune, rouge nous sommes tous des hommes  
 Si Dieu nous a créé différent l'un de l'autre  
 C'est juste pour nous montrer sa grandeur  
 Comme il a créé les animaux  
 aux couleurs et aux formes différentes  
 Il y a des chiens blancs, des chiens noirs, des chiens rouges  
 Mais ce sont tous des chiens.

C'est la même chose pour nous les hommes,  
 nous sommes tous les mêmes  
 Aucun homme n'est supérieur à l'autre,  
 ni n'a plus de droit qu'un autre  
 Riches, pauvres, petits ou grands, blancs ou noirs,  
 nous avons les mêmes droits  
 La terre est le cadeau de Dieu pour que nous puissions vivre  
 En amour, dans le respect réciproque  
 Vive la liberté, l'égalité, la fraternité.

ANPOTE kole pou Ayizi kavin pli bel  
PASKE... Nou tout se moun nou egal yon ak lòt



Nom Chérubin  
Prenom Jean Yves  
Classe 8<sup>e</sup> année  
L'âge 16 ans  
école Collège de côté plage

Chérubin Jean Yves - Collège de côté plage  
8<sup>e</sup>ème année

## Tout moun egal ego

Wouy! Ayiti fouti li pap ka al nan kouti. Pou mizè n'ap  
Pase anba yon bann grandizè epi yo vle fen kwè nou pa gen dwa  
Pale paske n se malere. Yo toujou kwè n pat soti nan vant yon  
Fanm, se sak fe yo jete n nan yon nich flanman.

Wouy! Ayiti fouti li pap ka al nan kouti. Sa kòz tou frè  
Nou yo depeyize al kay uwagen. Pandan nou menm, nap pinga  
Pou nou pa pran nan zen. Men yo bliye si devan la lwa nou egal  
Ego. Se sak fe nou sanble yon pil mango merilan yap tann vin  
Katrè n pase pou yo voye n jete Titanyen. Le pako gen moun  
Ki manchande n pandan nou nan yon ti kwen. Yo bliye si devan la  
Lwa nou tout egal ego. Paske n'ap sekle la tè yo dinou pa wè  
Klè se konsa li te toujou ye depi avan 1804 jouk jounen jodia  
Ti nèg la vil pat janm kanmarad ti nèg andeyò pandan ke nou  
Tout ap chèché viv egal ego selon la lwa. Ti nèg quo zòtey pa  
Ka kanpe devan ti nèg ti zòtey.

Jouk kilè sa a va chanje pou yo respekte dwa tout moun  
Pou yo konnen tout moun egal ego depi devan Bondie jouk rive  
Devan la lwa.

Kit nou malere kit nou te gran nèg n'ap fe tankou foumi  
N'ap met tèt nou ansan m konsa na kwè tout moun egal ego nan  
Konbit men nan men sa a, ki se on konbit ki poufè nou reko  
Nèt pa gen moun ki plis pase lòt. Pou sa fèt jan nou di l la  
An nou chèché rekonsilye nou, an nou gen renmen nan kè nou  
Yonn pou lòt selon la lwa Bondye epi na triyonfe.

## Nous sommes tous égaux

Aie! Haiti est foutue, on ne peut plus la recoudre.  
Pour toutes les misères que nous apportent les beaux parleurs, et  
ils veulent nous faire croire que nous n'avons rien à dire parce que  
nous sommes pauvres. Ils doivent croire que nous ne sommes pas  
sortis du ventre d'une femme, c'est pour cela qu'ils nous ont jetés  
dans un nid de flamands.


Aie! Haiti est foutue, on ne plus la recoudre. Voilà pourquoi nos  
frères se dépayent, échouent chez le voisin. Nous qui restons, nous  
nous taisons, pour éviter les pièges. Ils ont oublié que nous sommes  
tous égaux devant la loi. Voilà : ils nous prennent pour des  
manques avariées qui n'ont pas trouvé preneurs, et qui attendent  
dans un coin qu'une fois leur vie passée on les jette au charnier de  
Titanyen. Ils ont oublié que devant la loi nous sommes tous égaux.  
Parce que nous sarclons la terre ils disent que nous ne voyons pas  
clair. Les enfants de la ville n'ont jamais été les camarades des  
enfants de la campagne. C'était déjà comme ça avant 1804, c'est  
pareil aujourd'hui, alors que tous nous cherchons à vivre égaux  
selon la loi. Les enfants aux gros orteils ne peuvent rester debout  
devant les enfants aux petits orteils.

Quand est-ce que ça changera, que l'on reconnaitra enfin les droits  
de tous, que l'on saura que nous sommes égaux devant Dieu et  
devant la loi ?

Que nous soyons pauvres ou riches il nous faut faire comme les fourmis.

Main dans la main, organisons le grand combite qui nous fera  
comprendre que personne n'est plus humain qu'un autre.  
Cherchons la réconciliation et l'amour, et vivons l'un pour l'autre  
selon la loi de Dieu, alors nous triompherons.

Ecole Comm. 4 C  
la Tendrie



ART. Fils-Aimé Offrane  
10 Anées

Fils-Aimé Offrane - Ecole Comm. la Tendrie  
4ème année

Tout moun egal ego

Pou kisa ou refize ouwè pou mwen,  
Lè m'ap frape nan pòt ou?  
Paske pantalon-m chire, m'sal,  
Tèt mwen pa penyen.

Pouki ou refize pase bò kale-m?

Ou di ou pa ka pran sant kom

Se youn moun mwen ye tou!

Ou dwe pran ka-m, pale avè-m

Paske se menm san ka'p koule nan

Vann nou.

Men m si po m nwa

Pale avè m, ri avè-m

Paske m se youn moun tou

"tout moun egal, ego"

Tous les hommes sont égaux

Pourquoi refuses-tu de m'ouvrir

Quand je frappe à ta porte.?

Parce que mon pantalon est déchiré,

Parce que je suis sale, mes cheveux non coiffés ?

Pourquoi refuses-tu d'aller à mes côtés ?

Tu dis que mon corps à une mauvaise odeur

Pourtant je suis un homme comme toi !

Tu dois me comprendre, me parler

Parce que c'est le même sang

Qui coule dans nos veines.



Même si ma peau est noire

Parle-moi, ris avec moi

Car moi aussi je suis un homme

Tous les hommes sont égaux

Écal Ecay



Bissainthe - Ecole Nationale de Cazeau  
5ème année



*Nou tout se menm*

*Ke ou rele Natacha  
Ke mwen rele Selavi  
Ke ou mache ak talon  
Ke m'ap trennen sapat  
Nou tout se menm.*

*Ke ou mete bèl rad  
Ke mwen mete pépé  
Ke w'ap dâmi sou kabann  
Ke m'ap drive sou nat  
Sonje ke nou tout se menm.*

*Wi m deklare ke tout timoun  
Fèt pou bwè lèt ale lekòl juenn afeksyon  
Pa gen ti Chantoutou ni ti Sentaniz  
Tan pri pa maltrete nou  
Paske nou tout se lespwa lavi-a*

*Si nou tout se menm  
Pouki sa pitit deyò ap soufri  
Pouki sa gen diferans antre yo  
Yo diwe gen menm la swenyaj  
Paske nou tout se menm.*

*Nous sommes tous pareils*


*Que tu l'appelles Natacha  
Et moi « c'est la vie »  
Que tu portes des talons hauts  
Quand moi je traîne mes pantoufles  
Nous sommes tous pareils*

*Que tu portes de beaux habits  
Et moi des vêtements d'occasion  
Que tu t'endormes dans ton lit  
Quand je me tourne sur ma natte  
Nous sommes tous pareils*

*Oui, je dis que tous les enfants sont nés  
Pour boire du lait, aller dans une école,  
vivre dans l'affection  
Il n'y a pas de Chantoutou, ni de Sentanize  
Je vous en prie, ne nous maltraitez pas  
Car tous nous sommes l'espoir de la vie*

*Si nous sommes tous les mêmes  
Pourquoi les enfants sans foyer souffrent-ils  
Pourquoi toutes ces différences  
Tous ont droit aux mêmes soins  
Parce que nous sommes tous pareils*

Marie Duma Brioché  
Moyen I B 12 ans  
Louvain



*Le travail c'est la liberté*

Marie Duma Brioché - Ecole Mère Louise  
12 ans





*Libète, gad jan w bèl!*

Chak jou m leve, map di san rete, gad jan w bèl!  
 Ou sanble ak yon ti pye buwa bi kouran dlo  
 Nan lonbraj ou, m manvi chita pou m biwè bon dlo  
 Lè solèy la leve, flè w yo se ti bèbèl.

Lajounen kou lannwit, map gade kote m wè w  
 M paka dòmi, m pè anpil pou w pa disparèt  
 Nan tou peyi, ou juenn moun ki fou ap chèche w  
 Avèk lespwè, ou jou ou genyen pou w parèt.

Arebò yon prizon, m tap pase, m te tande,  
 Uwa prizonnye yo, ki tap chante libète  
 Dlo k soti nan je m te ka anwayi lètè  
 Telman m ta vle wè, y ale nan tout bout latè.

Lè ou kase kòd esklav yo, syèl la souri  
 Lanati fete tankou solèy nan lari  
 Se mirak : youn apè lòt, tout chenn pran kase  
 Delivrans ou pote fè tout moun pran danse.


*Liberté, comme tu es belle!*

Chaque jour je me lève, je me dis sans cesse, comme tu es belle!  
 Tu ressembles à un arbre au bord d'un cours d'eau  
 J'ai envie de m'asseoir à ton ombre pour boire de l'eau pure,  
 Au lever du soleil tes fleurs se font plus belles

Le jour comme la nuit, je te cherche  
 Je ne peux pas dormir, j'ai si peur que tu disparaisses  
 Partout dans le monde les gens te cherchent  
 Gardons l'espoir qu'un jour tu apparaîtras

En passant à côté d'une prison, j'entendais  
 La voix des prisonniers qui chantaient la liberté  
 L'eau de mes yeux aurait pu inonder la terre  
 Tant j'aurais voulu qu'ils soient libres d'aller partout

Lorsque tu brises les chaînes des esclaves, le ciel sourit,  
 La nature est en fête comme le soleil en pleine rue  
 C'est un miracle, les chaînes se cassent l'une après l'autre,  
 La délivrance que tu nous apportes fait danser toute la terre.



*Desravines Danil - Sen Pol*  
*5ème année*



## Libète

Libète, ou sanble yon gwazo  
 Kote k' plen chasè quo palto  
 K'ap diskite pi quo moso  
 Libète pa m', libète pa l'  
 Gen lè chak moun vle pran yon ti kat.

Libète, ou sanble yon plat manje  
 Pandan moun sou tab' byen serije  
 Ap manje jouk yo rasazyè  
 Ti nèg anba tab' ap batay  
 Pou wè si ya jwenn ti relay.

Libète, chak jou ou sou tout lèw  
 Ou sanble bijou kay ofèw  
 Pou anpil moun ou se yon rêv  
 Pou anpil lòt ou se yon dezòd  
 Yo t'a vle mete ou anba kòd.


## Liberté

Liberté, tu ressembles à un oiseau  
 Les riches chasseurs aux grands manteaux  
 Se disputent les plus gros morceaux  
 Ma liberté, sa liberté  
 On dirait que chacun veut se tailler une part


Liberté, tu ressembles à un mets  
 Tandis que les gens bien s'attablent  
 Et te mangent jusqu'à satiété  
 Les petits nègres se battent sous la table  
 Pour ramasser les restes

Liberté, chaque jour tu es sur toutes les lèvres  
 On dirait un bijou qui attend chez l'orfèvre  
 Pour tant de gens tu n'es qu'un rêve  
 Pour d'autres tu n'es que le désordre  
 Ils voudraient te mettre des chaînes

GADE JAN MAP SOUFR  
 PASKE KATE M'YE LA, A  
 SE PRIZO



A LA byem Nou byem  
 Nou JWENN MANJE LÈ.  
 KI FÈ NOU plèg  
 Nou mienm Nou  
 GEN LIBÈTÈ



M'MANDE  
 Libète.



Bourik. Ki Mòre pakò Manje Menm Sèl  
 Tèman. ZÈB VIL JWENN LI PA  
 Menm Masl ZÈB




LÈ I lage li gen li oisè fan Man  
 ZÈB li renmen an gade Jan  
 li anfen pastèl pa nan PRIZO

1000 clous  
 pour Ardaun  
 Lang 250000000 Fondamentale.  
 Prato analusak anal haden  
 1981 10 11 1000

Etienne Ardaun - Ecole Nationale Desal Tarère  
 5ème année



## Libète



Se ou ki siy linyon  
 Chak moun dwe viv selon lidè l  
 Libète pa mache ak divizyon  
 Li donen kote gen linyon  
 O libète, ou ki menen fraterinite  
 Ou ki vle pou tout moun egal  
 Jodi a m vle w pou mwen  
 O libète  
 Rèv memwa m, fòs vi mwen  
 M ap chèche youn nich nan ou  
 Kote tout moun ka viv  
 O libète, ou se enspirasyon m ak fòs mwen pou m vance  
 Leve kò w nan misè ou, ye a  
 Jou a rivè pou w pran plas ou nan vi m  
 Ni nan vi tout jenès peyi m

## La liberté

Celle qui symbolise l'union  
 Chacun a le droit de vivre selon ses opinions  
 La liberté ne marche pas avec la division.  
 Elle règne là où il y a l'union.  
 O liberté! Toi qui favorise la fraternité  
 Toi, qui veux aux hommes l'égalité  
 Je veux qu'aujourd'hui tu m'appartiennes.  
 O liberté rêve de ma mémoire.  
 Force de ma vie  
 Je cherche en toi un coin  
 Un coin de refuge  
 Là où tout le monde peut vivre.  
 O liberté, tu es mon inspiration et ma force.  
 Liberté, liberté, réveille-toi dans la misère.  
 Le jour arrive où tu prendras place dans ma vie.  
 Et dans la vie de toute la jeunesse haïtienne.

ABOLISYON  
ESKLAVAJ



*Idena Honoré - Ecole Nazareth de Bassin-Bleu  
5ème année*

## Libetè

Krik Krak

Pè si fè la  
 Ban m si Ban m sa  
 Ki sa tout moun bezwen?  
 De pre ou de lwen  
 Kisa ki bay moun kouraj  
 Anba lesklavaj?  
 Lè po do pa kapab anko  
 Lè zo pye ap mande repo

Krik Krak

Si l pa lamizè fenk kare  
 Zèl piti kou quo tou kase  
 Moun k ap mouri  
 Esplwatè bèbè

DIM SAL 9E

Krik Krak

Li si tèlman enpòtan  
 Depi se li pa gen dan griyen  
 Bagay sakre se li  
 Lannuit kou lajounen  
 Li virè lan vè

Krik Krak

Li pa janm pèdi diyite l  
 Li nan egalite ak tout moun  
 devan fyèl

Krik Krak

Li rele LIBÈLIBÈ

## Liberté

Cric-Crac

Fait ceci fait cela  
 Donne ceci donne cela  
 De quoi nous avons tous  
 besoin ?  
 De près ou de loin  
 Qu'est-ce qui donne  
 du courage aux gens  
 Qui vivent dans l'esclavage  
 Quand leur dos n'en peut plus  
 Quand leurs os orient au repos

Cric-Crac


Si ce n'est pas la misère qui  
 Dure  
 Les ailes des petits comme  
 des grands sont  
 Cassées  
 les gens meurent  
 exploités et muets  
 Dis-moi qui est-elle ?

Cric-Crac

Elle est si importante  
 Lorsqu'elle est là, on ne  
 badine pas  
 Car elle est sacrée  
 La nuit comme le jour  
 Elle tourne les choses à l'envers

Cric-Crac

Elle ne perd jamais sa dignité  
 Devant le fiel et la douleur  
 Elle nous met à égalité  
 Cric-Crac  
 Elle s'appelle Liberté



*Jean Louis Yamiley - Collège Universitaire Caraïbe  
7ème année*



## Libète

## Libète manman nou

Ala yon bon manman se ou  
 Yo pran w', yo laga w' anba pye  
 Ou fè tankou w' pat' janm santi okenn pye  
 Ou fè tankou se priye w' ap priye  
 Ou di malgrè sa :  
 " Mwen p'ap janm pa sa "

Mwen p'ap janm pa sa, paske m' son janm ki pote glwa  
 Mwen p'ap janm pa sa, paske m' son janm ki pat' espwa  
 Mwen p'ap janm pa sa, paske m' son janm ki respekte la lwa.

## Libète

Libète manman nou  
 Yo panse w' fou  
 Paske w' konpote w' tankou yon ti pen ki nan fou  
 Ou toujou ret dousman  
 Ou mem ki bon manman

W'ap tann tè w'a va vrèman gen libète w'  
 Pou w' derasinen tout uye zèb k'ap anbete w'  
 Paske w' konnen w' pral goumen  
 Pou mennen tout pitit nan bon chimen  
 Paske w' son janm ki pa janm ret ak moun

## Liberté

## Liberté notre maman

Quelle bonne mère tu fais!  
 On t'écrase, on te piétine  
 Tu fais semblant de ne pas sentir les pieds  
 Tu fais semblant de prier  
 Tu dis malgré cela  
 « Je resterai toujours la liberté »


Je serai toujours la liberté, parce que je suis une femme de gloire  
 Je serai toujours la liberté, parce que je suis une femme d'espoir  
 Je serai toujours la liberté, parce que je suis une  
 femme qui respecte la loi

## Liberté

Notre mère, on pense que tu es folle  
 Parce que tu te comportes comme un pain au four  
 Tu es toujours douce  
 Tu es une bonne mère

Tu attends l'heure de la vraie liberté  
 Pour arracher les mauvaises herbes qui te lient  
 Car tu sais que tu as à te battre  
 Pour mener tes enfants à bon port  
 Parce que tu es une femme qui n'accepte les diktas de personne

*Familye*



*Tania Petit Jacques - Marie Reine des Coeurs  
6ème année*



## Zanmitay

L'awouze ak yon kokoriko  
se pa ti detay  
anba pye lamitye  
bò kay granm mwen

L'awouze pale  
ak dlo bò l  
kokoriko reponn  
ak chante lespwa l

"Desann sou do m  
m a fet wout  
pou w pase"

PASE PRAN M M PASE CHACHE W

Zamitay pa nou  
se pwa kongo nan yon sèl gous

Zamitay pa nou  
pa kraze ze nan vant poul  
nonplis

Li pa donner sou do toutrèt  
anba tonèl

Nan Ziltik zanmitay nou  
woule drèt sou wout respè,  
anpil renmen, bon konprann  
yon pou lòt

## L'amitié

La rosée et le cocorico  
C'est plus que des détails  
Sous l'arbre de l'amitié  
Près de chez ma grand-mère

La rosée parle  
avec l'eau de son corps

Et le coq lui répond  
Avec un chant d'espoir

« Descend sur mon dos,  
Je te ferai un chemin »

"PASSE ME PRENDRE ET JE PASSERAI TE CHERCHER"

Notre amitié  
C'est le pois Congo dans une seule gousse


Notre amitié  
N'a jamais tué un œuf dans le ventre de la poule  
Elle ne croît pas non plus sur le dos des tourterelles  
Sous les tonnelles

Jusqu'aux îles turques  
Notre amitié roule droite sur la route du respect  
Beaucoup d'amour et de compréhension  
L'un pour l'autre

L'anniversaire



Naphetalie Jean Jacques - Marie Reine des Coeurs  
6ème année



Lamitye

Depi m piti, n'ap fè chen manje chen  
 Nap bay kout pye, kout pwen  
 Nou fè kont pou nenpòt tenten  
 E ki pa p janm chanje anyen  
 Tout lajounen n'a fè zak malonèt  
 Nou toujou viv tankou bèt  
 Si n pa fè youn jan pou n viv tankou frè,  
 N'ap annik gade nou wè nou deyè  
 Youn nasyon dwe toujou viv an inyon  
 Men nou menm, nou toujou nan divizyon  
 Si n respekte deiz nou, n'ap jwen youn solisyon  
 Si n pa fè sa tou, n'ap tonbe nan won  
 Lamitye se youn youn nan pota  
 Si n kole l ak lòt yo  
 l'ap ede nou monte pi wo  
 e n'ap gade nou wè peyi nou an jis anwo

L'amitié

Depuis l'enfance, nous n'arrêtons pas de nous déchirer  
 Coups de pied, coups de poing  
 Nous nous disputons pour n'importe quelle bêtise  
 Qui ne changera rien  
 Tous les jours nous commettons de mauvaises actions  
 Toujours, nous avons vécu comme des bêtes  
 Si nous ne faisons rien pour vivre comme des frères  
 Nous resterons toujours derrière  
 Une nation doit vivre dans l'union  
 Mais, nous, nous avons choisi la division  
 Si nous respectons notre devise, la solution viendra  
 Autrement, nous tomberons dans le bas-fonds  
 L'amitié, c'est pour l'un et l'autre un poteau  
 L'un dans l'autre ils monteront toujours plus haut  
 Et nous regarderons notre pays progresser tout en haut



*Jasmin Marianna - St François d'Assise*

*5ème année*

Zanmitay ki sa yo rele zanmitay la  
 Zanmitay se lè nou pataje lide nou ansanm  
 Zanmitay se lè nou youn ede lòt nan bezwen li  
 Zanmitay se lè nou pataje soufrans yo youn ak lòt  
 zanmitay se lè nou viv youn ak lòt sans ipokrizi  
 Zanmitay se lè nou ankouraje lòt nan sa li gen pou lè  
 Zanmitay se lè nou ede lòt nan rèv li ta renmen reyalye  
 Sa yo rele zanmitay tout bon si li di ou jodia li pa gen manje  
 deske ou gen manje lakay ou dwe bali manje pou li manje  
 se pa sa ou  
 pa bezwen pou ou bali

Zanmitay la fòk nou gen relasyon antre nou  
 Fòk gen solidarite pou zanmitay la kapab grandi  
 Si ou wè ane a konmans li pa voye pitit li lekòl  
 Zanmi ki rele zanmi tout bon an fòk ou rele l pou ou poze kesyon  
 pou ki sa timoun nan pa al lekòl si li di ou se lajan  
 ki pa genyen  
 Se pou ede l voye timoun nan lekòl

Yon sèl dwèt pa manje katalou. Mo sa soti nan  
 kesyon zanmitay la  
 tou. Fòk nou ka konnen ki jan pou nou fè zanmi pou zanmi  
 kapab dire lontan

Gen zanmi se trèt yo ye. Li preske pa gen zanmi ankò paske  
 gen zanmi lè ou kwè nan yo se yo menm ki trayi ou demen  
 Zanmitay gen anpil enpòtans men moun pa dwe  
 fè nenpòt zanmi

L'amitié, qu'est-ce que l'amitié?  
 L'amitié, c'est partager nos idées  
 L'amitié, c'est aider l'autre dans le besoin  
 L'amitié, c'est partager leurs souffrances avec les autres  
 L'amitié, c'est vivre sans hypocrisie  
 L'amitié, c'est encourager l'autre à faire ce qui est bien  
 L'amitié, c'est aider l'autre à réaliser son rêve  
 L'amitié vraie, c'est donner de ta part à celui qui te dit  
 Qu'il n'a pas à manger aujourd'hui,  
 Ce n'est pas lui offrir les restes dont tu n'as pas besoin

L'amitié a besoin de relations entre nous  
 De solidarité pour qu'elle puisse grandir  
 S'il voit qu'à la rentrée des classes un parent n'envoie pas  
 ses enfants à l'école  
 Le véritable ami demandera pourquoi  
 Si le parent répond que c'est par manque d'argent  
 Le véritable ami l'aidera

Un seul doigt ne peut pas manger le catalou. Ce proverbe  
 est vrai de l'amitié.

Il faut savoir créer des amitiés qui durent

Il y a des amis qui, au fait, sont des traîtres. On n'a pas  
 presque plus d'amis parce que ceux en qui on avait  
 confiance hier, ce sont eux qui vous trahissent plus tard.  
 L'amitié c'est si important, mais l'on doit choisir ses amis.



Airline cadet  
membre non classe 5<sup>ème</sup> année  
l'école Marie Reine des Coeurs Jean-Paul.

Airline Cadet - Marie Reine des Coeurs  
5<sup>ème</sup> année



Lamitye

Lamitye se youn bagay ki bèl se vre  
Men se lè youn eksite, zanmi an gâte  
Youn ta renmen rekonsilye  
Men kè lôt la gen tan rasinen avek laenn

Ann mete laenn nan chenn  
Paske'l kapab fè tout moun an devenn

Ann chache chimen lanmou  
Ann rouse semans lanmou chak jou

Pou n wè si lanmou te kab fleri  
Pou zòt te ka sispann fè moun abi  
Ann wè si nou tout te kab zanmi  
Ann wè si lamitye te kab blayi

Tankou grenn lapli  
Si nou tout te rejte lennemi  
Konsa peyi-n te ka grandi

Ann wè si lanmou te ka boujonnen  
Pou-n ta sispann trennen  
Nou te ka rive pi lwen

Ala bèl sa ta bèl si nou tout ta fè youn sèl  
Nou te ka viv tankou de gwazo nan syèl

L'amitié

L'amitié est belle, c'est vrai  
Parfois l'un s'excite et les choses se gâtent  
Alors l'autre espère la réconciliation  
Mais la haine a pris place dans le cœur du premier

Mettons des chaînes à la haine  
Ou elle nous portera malheur à tous

Cherchons le chemin de l'amour  
Arrosons-le de sa semence chaque jour

Pour voir si l'amour peut fleurir  
Pour que les méchants cessent leurs abus  
Voyons si nous pouvons être amis  
Si l'amitié peut se répandre

Comme les grains d'une bonne pluie  
Rejetons l'hostilité  
Et notre pays pourra grandir

Peut-être que si l'amour peut éclore ses bourgeons  
Nous cesserons de traîner  
Nous arriverons plus loin

Comme cela serait beau si nous ne faisons qu'un  
Nous pourrions vivre comme deux oiseaux dans le ciel



*Beauchamp Julienne - Beraca  
6ème année*

L'amitye

Sou youn ti chemen tou dousman  
 Nap tatonnen cheche youn ti flè  
 Youn ti flè ki bay lespwa ki bay  
 lonnen namm ak kò pou fè lavi  
 Chante lanmou

L'amitye se sak pi bèl  
 Kote l'ye pa gen divizyon  
 Chak fwa lespri n kole ansanm  
 li fè lespwa ret tou limen  
 L'amitye se youn boukè

L'amitye se youn ti flè  
 ki met lodè anndan fon kè  
 Si n vle lavi n toujou ret bèl  
 Pò n pa brize sa ki kote n

Zanmi lekòl, zanmi lakay  
 toupatou an nou simen grenn  
 lamitye donnen lespwa  
 Si n bay ti dlo l'ap fè mèvyè

L'amitié

Tout doucement sur un petit chemin  
 Nous cherchons à tâtons la fleur  
 La petite fleur qui donne l'espoir  
 Qui donne l'honneur les âmes et le corps  
 Pour que la vie Chante l'amour

Rien de plus beau que l'amitié  
 où elle se tient pas de division  
 Quand nos esprits ne font plus qu'un  
 Elle garde notre espoir en vie  
 L'amitié c'est comme un bouquet

L'amitié c'est la petite fleur  
 Qui met sa senteur dans nos cœurs  
 Pour que la vie soit toujours belle  
 N'écrasons pas notre entourage

Amis de mon école, amis de ma maison  
 Semons ses graines tout partout  
 C'est l'amitié qui sème l'espoir  
 Donnons lui un peu d'eau, elle fera des merveilles

*La Paix sur la terre*



*Estimé Niscon - Collège des Coeurs de Jésus  
9ème année*

Lapè

Lapè ou se maten lavi-a  
 Ou se solèy ki parèt san niyaj  
 Koté ou kanpe tolerans blayi  
 Menmi si yo pale ou mal  
 Ou pa santi ou gen pwoblèm  
 Ou toujou fè sak pa deranje lòt moun  
 Ou toujou reflechi quan ou aji  
 Pè youn moun ap kriye ou konsolèl  
 Ou se youn bon sèvitè  
 Ou soutni sak fèb  
 Malgre traka, kèw toujou kontan  
 Ou pa mete dife nan vivajinaj  
 Ou pa foure bouch nan zafè moun  
 Si tout mounm te konnen enpotans ou  
 Yo ta envitew lakay yo chak segonn

La paix


Tu es le matin de la vie  
 Tu es le soleil qui apparaît sans nuage  
 Où tu es, naît la tolérance  
 Même quand on dit du mal de toi  
 Tu n'as aucun problème  
 Tu fais toujours ce qui ne dérange pas l'autre  
 Tu penses avant d'agir  
 Tu consoles celui qui pleure  
 Tu es un bon serviteur  
 Tu soutiens le faible  
 Malgré tes tracasseries tu es toujours contente  
 Tu ne mets pas le feu dans le voisinage  
 Tu ne te mêles pas des affaires des autres  
 Si l'on connaissait ton importance  
 Tu serais invitée dans tous les foyers à chaque seconde

MAN MAN POU KISA OU PAPE LAPE AK PAPA M'

Joseph Chillet - Collège des Coeurs de Jésus  
4ème année



Lapé




Yo li non w nan journal  
 Yo gade l nan tout fim  
 Yo tande non w nan radyo  
 Non w fè tout kè ap bat  
 Tant yo pale de ou  
 Depi o kòmansman  
 Se non w ki fè sonje, se li ki bay l'espwa  
 Pouki lagè ?  
 Pouki tout krim sa yo ?  
 Youn jou ki lwen lemonn va resi konnen sa w pote  
 Ansanm na va chante youn quo'im pou lapé

La Paix

On lit ton nom dans les journaux  
 On voit ton nom dans les films  
 On entend ton nom à la Radio  
 Encore ton nom fait battre tous les coeurs  
 On parle de toi

Depuis que le monde est monde  
 Ton nom fait soupirer et redonne de l'espoir  
 Pourquoi tant de guerres?  
 Pourquoi tant de tueries? On parle de toi la Paix  
 Un jour qui est si loin: enfin  
 le monde connaîtra ton vrai sens!  
 Et tous ensemble nous chanterons l'hymne à la Paix



Amasun si sa pi

NOM: Osier  
Prénom: Rosemène  
Age: 15 ans

Ecole: Amélia  
Jean Baptiste

Osier Rosemène - Amélia Jean Baptiste  
15 ans



Lapè

A la bèl bagay se lapè  
 Nou envitew lakay nou chak moman  
 Ak lapè nou pa swaf ni granjou  
 Ou se youn zanmi nou pa ka manke  
 Chak fwa ou lakay nou  
 Nou santi nou byen

On pote soulajman pou nou  
 On fè nou viv san ke sote  
 On fè nou apresye lòt moun  
 On vini ak tèmou pou nou  
 On fè nou saj  
 On mete la jwa nan ke nou  
 On fè nou fè sak jis  
 Si tout moun asepte  
 lakay yo konsa tout  
 soufrans ap kaba

La paix


Ah, la belle chose que la Paix  
 Nous l'invitons à venir chez nous à tout moment  
 Avec la paix nous n'avons ni soif ni faim  
 Tu es une amie indispensable  
 Chaque fois que tu es dans notre maison  
 Nous nous sentons bien

Tu nous soulages  
 Tu nous fais vivre sans anxiété  
 Tu nous fais aimer les autres  
 Tu nous apportes l'amour  
 Tu nous rends sage  
 Tu mets la joie dans nos cœurs  
 Tu nous fais faire ce qui est bien  
 Si chacun t'accueille dans sa maison  
 Il n'y aura plus de souffrance



Della Michaille  
Classe de 5ème  
Ecole C.C.F

Della Michaille - Ecole C.C.F  
5ème année



Lapè

Nan yon peyi ki pa gen lapè  
 Moun yo toujou pè  
 Uwa menm sil pa gen limyè  
 Pitit li yo ap viv nan fè nwè

Nan yon peyi ki pa gen lapè  
 Moun toujou kenbe lòt nan kè  
 Moun toujou panse yo nan gè  
 Yo toujou panse yo byen fè

Nan yon peyi ki pa gen lapè  
 Menm si tout moun ta milyonè  
 Yo pa ka fè fèt paske kè  
 yo fèmen yap viv nan terè

Nan yon peyi ki pa gen lapè  
 Pèp la blije viv nan mizè  
 paske li toujou an pèt  
 Yon peyi ki san la pè  
 pitit li ap viv  
 Nan lanfè

La paix

Dans un pays où il n'y a pas de paix  
 Les gens ont toujours peur  
 Surtout quand sans lumière  
 Les enfants vivent dans le noir


Dans un pays où il n'y a pas de paix  
 Les gens gardent leurs rancunes  
 Ils pensent qu'ils sont toujours en guerre  
 Ils pensent qu'ils ont toujours bien fait

Dans un pays où il n'y a pas de paix  
 Quand chacun serait millionnaire  
 Personne n'aurait le cœur à la fête  
 Les cœurs seraient fermés  
 Et tous vivraient dans la terreur

Dans un pays où il n'y a pas de paix  
 Le peuple ne peut vivre que dans la misère  
 Il est toujours perdant  
 - Les enfants d'un pays où ne règne pas la paix  
 Vivent tous en enfer

# LA PAIX

QUAND FINIRA LA GUERRE ?



L'Amant St Victor - NCB

6ème année

Lapè

Lapè, di mwen non, o nò, o sud, a lès  
à lwès, non di mwen non lapè. Si lapè te  
konn vann nan pèpè pou sèlman yon pyas  
non pyas la twòp pou sèlman yon ti souri  
tout latè ta gen lapè

Si machann tè konn vann lapè, tout moun ta gen  
Yon ti krans lapè lakay yo, menm achte yo t'ap  
achte pou 100 pyas, 30 pyas, 25 pyas menm pou  
yon pyas lapè, lapè di mwen ki kote ou ye.

Si lapè te konn pwomenen nan lari, pou 2  
pyas sèlman ou kwè tout timoun nan lari  
yo ta gen lapè. Lapè Ayiti bezwenn di nou  
ki kote ou ye lapè, lapè. Se lapè nou tout  
ap chache. Wi lapè ki kote ou ye di nou ki  
kote ou ye, tanpri di nou.

La paix

La paix dites-moi, du Nord au Sud, de l'Est  
A l'Ouest, dites-moi le nom de la paix. Si on vendait la  
paix chez le fripier une gourde aurait suffi, non, une  
gourde serait trop, pour un petit sourire toute la terre  
connaîtrait la paix.

Si les marchands vendaient la paix, chacun aurait sa part  
de paix chez lui. On se l'achèterait pour 100, 30, 25  
gourdes, une gourde. Ô paix, dis-moi où tu es.

Si la paix avait l'habitude de se promener dans les rues  
Pour deux gourdes seulement, crois-tu que les enfants des rues  
Connaîtraient la Paix ?

Haiti a besoin de toi. Oui, la Paix où es-tu ?  
Dis-nous, où te caches-tu? s'il te plaît, dis-nous ?  
Tous, nous te recherchons.



FNUAP  
FICIVIH  
MIPONUH  
OIM  
OMS  
PAM  
PNUD  
UNESCO  
UNICEF

Country	Haiti
Year	Language French & Creole
Description	Haitian Students say and design human rights
IFES developed/sponsored?	no